



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON DEVLOPMAN LOJMAN KI GEN 189  
INITRE NAN HICKSVILLE NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Konplèks lojman 111.8 milyon dola pral ede sipòte yon anba lavil vibran ki reflete karaktè "lari prensipal" li a pou amelyore opòtinite pou biznis lokal yo epi entegre nouvo lojman pou kreye yon kominote modèl*

*Pwojè devlopman pral gen ladan estrateji Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Hicksville la nan elaji opsyon lojman abòdab pou itilizasyon miks nan Anba Lavil la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inogirasyon epi li te vizite sit yon devlopman ki prèske koute 112 milyon dola ki oryante sou transpò piblik nan anba lavil Hicksville la, youn nan pwojè finansman kle ki soti nan pwogram finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la ki akòde pa Eta a. Devlopman ki gen 189 inite lojman ak espas pou vann an detay la pral transfòme yon pwopriyete ki pa itilize ase ki adjasan ak estasyon Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) lan epi fè pwogrese alafwa objektif kominote lokal la ak priyorite lojman Gouvènè a pou Eta a.

"Dènye pwojè DRI sa a pral ede relanse ekonomi lokal la lè li pote prèske 200 nouvo kay, espas pou vann an detay ki dinamik, ak anpil pakin anbatè toupre Wout Ray Long Island lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede kominote yo atravè eta nou an debloke opòtinite, atenn objektif klimatik pa yo, abòde mank lojman an ak kreye nouvo djòb, epi ak envestisman sa a, n ap bay Vil Oyster Bay zouti li bezwen pou konstwi yon bèl anba lavil ki trè aktif."

AR Hicksville LLC ap devlope devlopman ki akse sou transpò piblik (transit-oriented development, TOD) 99 Newbridge Road la epi l ap bay yon melanj inite rezidansyèl, ki gen ladan 19 apatman ki deziyen kòm lojman pou mendèv. Anplis de sa, li pral bay plis pase 7,000 pye kare espas pou vann an detay ak yon plas piblik amenaje k ap sèvi rezidan li yo ak kominote a.

Devlopman sa a pote nouvo aktivite biznis ak lojman nan anba lavil Hicksville, youn nan objektif prensipal Vilaj Hicksville te etabli kòm yon pati nan 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil 2017 la. Yo te idantifye pwojè a kòm youn nan pwojè priyorite

DRI kominote a epi yo te resevwa 1 milyon dola nan fon DRI yo. Devlopman sa a pral jere ak sipòte anpil antrepriz biznis pou atire vizitè ak rezidan yo nan zòn nan ki pral vin sant ekipman yo epi ankouraje trafik transvèsal ant aktivite ki vann an detay.

Rès investisman 10 milyon dola DRI Eta a nan Hicksville ap finanse pwojè Vil la ki amelyore aksè ak espas pou pyeton nan vwazinaj estasyon LIRR la. Inisyativ sa yo gen ladan amelyorasyon sekirite pyeton yo, amelyorasyon aksè pou pyeton ak anbelisman kèl pati sou Broadway la (Route 107) ak Newbridge Road, ansanm ak kreyasyon nouvo espas ouvè ak yon plas festival. Y ap fè konsepsyon pou tout pwojè sa yo.

Pwosesis planifikasyon DRI a ak plan final ki te lakòz yo te enplike nan yon gwo pwosesis angajman kominotè ki te idantifye priyorite lokal yo epi finansman pwojè sa yo ap avanse kounye a priyorite sa yo. Devlopman pou itilizasyon miks lan, ansanm ak pwojè amelyorasyon domèn piblik Vil la, pèmèt vizyon kominote Hicksville la vin yon reyalite pou yon anba lavil vibran ki reflekte karaktè "lari prensipal" li a pandan y ap amelyore opòtinite pou pwopriyete biznis lokal yo epi enkòpore nouvo mache lojman pou kreye yon kominote modèl.

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Yon lòt fwa ankò Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap kontinye amelyore estrikti kominote anba lavil nou yo lè li bay opòtinite lojman pou moun ki gen tout revni, orijin ak kapasite. Konstriksyon Konplèks Lojman Newbridge 99 la pote divèsite lojman epi li bay yon eleman esansyèl nan dinamik anba lavil la, ki fè nou vin pi pre pou reyalize objektif ak politik lojman vizyonè Gouvènè a nan Eta New York."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Inogirasyon jodi a re- teekri istwa yon pwopriyete ki pa itilize ase kòm nouvo chapit enteresan nan Hicksville - yon chapi nan dinamisite, aksesibilite, ak kwasans enklizif. Lè li fè pon sou LIRR la ak lojman abòdab ak espas pou vann an detay, devlopman ki akse sou transpò piblik sa ak pou itilizasyon miks lan reyenvizyone anba lavil Hicksville kòm yon sant koneksyon ki pwomèt kote rezidan yo ak biznis yo ka pwospere."

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "Pandan ke yo ofisyèlman inogire li, pwojè sa a mete an mouvman yon avni dinamik pou anba lavil Hicksville la. Devlopman ki akse sou transpò piblik sa a se pa sèlman yon pwomès; se yon chemen ki mennen nan pwosperite ekonomik tanjib—bay lojman abòdab ansanm ak nouvo opòtinite pou vann detay ki pral pwovoke kreyasyon travay. Investisman sa yo siyifi angajman Eta New York pou nouri fanmi yo, ekipe biznis yo, ak ankouraje pwosperite nan tout kominote a."

**Ko-prezidan LIREDC la ki se Linda Armyn, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare,** "Devlopman inovan sa a entegre lojman abòdab ak espas pou vann an detay nan yon vizyon ki pral katalize avni ekonomik Hicksville la. Konplèks Lojman 99 Newbridge la prevwa ankre ak sipòte yon pakèt biznis, sa k ap atire rezidan

yo ansanm ak vizitè yo nan sant komodite trè aktif ki pral defini nouvo Hicksville la pou jenerasyon k ap vini yo."

**Senatè Eta, Steve Rhoads, te deklare,** "Pwojè Alpine lan se yon bèl egzanp sou sa ki ka akonpli lè Eta a abandone manda yo epi yo travay pito ak ofisyèl eli lokal yo, biznis ak rezidan yo pou konstwi opòtinite lojman ki konplete kominote nou yo. Hicksville se yon vilaj ki vibwan, k ap grandi ak divès epi transfòmasyon bilding komèsyal abandone yo ak yon pakin k ap kraze an 189 inite rezidansyèl ak ekipman modèn ak bèl espas pou vann detay tou pre Estasyon LIRR Hicksville la pral ede fè yon kominote eksepsyonèl vin yon kote ki pi atiran toujou pou viv, travay ak leve yon fanmi."

**Manm Asanble Charles D. Lavine, te deklare,** "Gouvènè Hochul ak ekip li a kontinye montre kijan nou ka bay rezidan ki gen revni fèb yo opsyon lojman ki fèt sou plan estetik, men ki abòdab. Kote pratik sa a pral bay rezidan yo aksè fasil ak transpò piblik ak opsyon pou fè makèt tou pre a. Se yon etap kle tou nan refè anba lavil Hicksville."

**Manm Asanble Jake Blumencranz, te deklare,** "Aprè yo fin leve vwa moun Long Island yo ak defann kontwòl lokal devlopman lojman nan dènye Sesyon Lejislatif sa a ak siksè, nouvo investisman sa a nan Hicksville se yon bèl egzanp rezilta ke gouvènman lokal kolaborasyon yo ka pote lè yo ba yo yon chèz bò tab la. Lojman pou mendèv ak anbelisman kominote a ankouraje biznis lokal yo ak kwasans epi mwen pa ka tann pou mwen wè enpak sa pral genyen sou zòn revitalizasyon an."

**Sipèviz Vil Oyster Bay a, Joseph Saladino te deklare,** "Yon renesans ap vini nan kominote Hicksville la gras a investisman 111.8 milyon dola sa a pa Alpine Residential Development. Ansanm, n ap avanse ak devlopman sektè prive ak amelyorasyon travay piblik ki transfòme distri biznis Hicksville la an yon anba vil ki vibwan ke milènè yo, fanmi yo ak moun ki rezide poukont yo dezire – avèk lojman, restoran ak espas biwo tou pre transpò piblik la. Administrasyon mwen an pran angajman pou amelyore kalite lavi nan kominote nou yo nan revitalize sant vil yo, amelyore pak lokal yo, epi redui taks sou pwopriyete yo. Inogirasyon jodi a se sèlman kòmansman gwo bagay k ap vini nan anba lavil Hicksville la epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ki te bay kominote nou an plizyè milyon dola sibvansyon."

**Patnè Ko-direktè Alpine Residential la, Todd Scheffler, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou debloke potansyèl pwopriyete sa a ki pa eksplwate, k ap sèvi kòm yon katalizè pou revitalizasyon anba lavil Hicksville la. Objektif nou se delivre yon devlopman pou itilizasyon miks ki entegre rezidans modèn, katye yo, espas pou vann an detay, ak espas ouvè san pwoblèm ki pral transfòme zòn dezole sa a an yon anviwònman kominotè vibran. Ak yon lokal ki toupre estasyon Wout Ray Long Island Hicksville la, vizyon nou priyorite prensip devlopman ki oryante sou transpò piblik yo, mete aksan sou koneksyon ak aksè. Nou apresye sipò nan men Ajans Devlopman Endistriyèl (Industrial Development Agency, IDA) Konte Nassau, Vil Oyster Bay, ak Eta New York epi nou pa ka tann pou nou kontribiye nan kwasans vil la ak amelyore kalite lavi pou rezidan li yo."

**Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare,** "Mwen ta renmen felisite Gouvènè a pou vizyon renouvle li nan abòde bezwen lojman isit la nan Long Island. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la ap kontinye dinamize kominote nou yo pou amelyore eta nou an, rejyon nou an, ak kalite lavi nou. Pwojè Alpine lan an patikilye montre pwomès pou redefini devlopman ki akse sou transpò piblik ozalantou estasyon LIRR ke yo pi itilize nan Konte Nassau a. Pwojè tankou sa yo non sèlman bay opòtinite lojman pou pwochen jenerasyon Long Island yo, men tou, opòtinite travay ki pral alimante filyè aprantisaj Metye Batiman yo."

**Ko-prezidan Komite Revitalizasyon Anbalavil Hicksville la ak Direktè Vision Long Island lan, Eric Alexander, te deklare** "Yo te planifye revitalizasyon anba lavi Hicksville la depi lontan an ak kominote a pou dènye deseni edmi an. Nou kontan wè dezyèm pwojè pou itilizasyon miks sa a bay yon espas komèsyal ak apatman ankraj toupre tren an ak lòt sèvis yo. Felisitasyon pou Gouvènè Hochul, Vil Oyster Bay, lidè kominotè yo ak devlopè a ki fè pwojè sa a realize."

**Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) lan, John Durso, te deklare,** "Inogirasyon jodi a chanje ssitiyasyon lojman epi ogmante vizyon kominote a pou devlopman solid ki akse sou transpò piblik. Nou ensiste sou estanda travay ki sipòte bon travay sendika, epi kontinye enkòpore kominote yo nan pwosesis vizyon an. Lè nou enkòpore engredyan kle sa yo nou ka fè pwogrè reyèl sou kriz lojman jenerasyon nou ap konfwonte a. Jodi a se yon pwogrè. Nou gen plis travay pou nou fè."

Antanke yon [gayan DRI an 2017](#) Hicksville ap akeyi toude gwo sant magazen ki vant an detay yo ak devanti manman-ak-papa (mom-and-pop storefronts) nan sant vil la yo. Sipò popilasyon an bay revitalizasyon an, ansanm ak finansman DRI a, ta pèmèt yo fè amelyorasyon pou rann anviwonman pyeton yo pi an sekirite epi ofri prim ankourajman pou moun mache a pye ak monte bekàn kòm yon opsyon transpò vyab. Amelyorasyon ki gen pou fèt nan estasyon ki gen plis anbouteyaj nan Wout Ray Long Island la pral ofri opòtinite pou gen yon vrè renesans nan zòn lan. Avèk ogmantasyon yo prevwa nan sikilasyon moun ki pral nan travay yo ak demann pou lojman, vizyon pou Hicksville la tou gen ladan nouvo espas piblik pou evènman epi ogmante divèsite aksyon.

Hicksville, yon vilaj nan vil Oyster Bay, se yon kominote ki rich sou plan transpò piblik epi k ap pwospere nan Konte Nassau santral. Zòn DRI a sitiye anndan distri biznis santral la, epi li gen ladan etablisman restoran etnik, mache alimantè espesyalize ak sant kiltirèl, ansanm ak magazen vant an detay ak espas pou biwo.

### **Enfòmasyon konsènan Inisyativ Revitalizasyon Anbalavil la**

DRI Eta New York la, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavi yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-

answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Gen plis enfòmasyon sou DRI a ki disponib [isit la](#).

Jiska prezan, DRI te investi nan prèske 3,500 inite lojman anba lavil, prèske yon tyè nan yo abòdab, ak plis ankò pou vin sou entènèt pandan 6yèm faz kominote yo soumèt Plan Investisman Estratejik yo ak pwojè pwopoze yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)